



Pou Piblikasyon Imedya: 24/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 22 MILYON DOLA NAN FINANSMAN POU RANFÒSE REVITALIZASYON AK JESYON ANVIWÒNMANTAL NEW YORK

*Finansman pou kwasans entelijan, zòn bò dlo lokal ak opòtinite sit endistriyèl dezafekte ki itilize ki disponib pou estimile kwasans ekonomik*

**Pwogram yo vize ankouraje devlopman ekitab ak atire travay ak biznis**

**Inisyativ NY Forward 100 milyon dola pou ede kominote ki pi piti ak riral yo**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finansman disponib pou twa pwogram planifikasyon ak devlopman kominotè Depatman Eta (Department of State, DOS) a. Pwogram sa yo se poto mitan pou pwojè revitalizasyon ki vize ranfòse kwasans inovatè atravè eta a. Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 ki Adopte a gen ladan gwo finansman pou pwogram tankou Planifikasyon Kwasans Entelijan ak Pwogram Zonaj yo, Zòn Opòtinite Sit Endistriyèl Dezafekte ak Pwogram Revitalizasyon Bò Dlo Lokal la.

"Pwogram kominotè dirab ak ekitab yo se kle pou retou ekonomik New York", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan n ap travay pou rekipere anba pandemi a, li enpòtan pou nou travay avèk kominote endividyèl yo pou transfòme pasif yo pou tounen resous inik. Pwogram devlopman sa yo pral mete nou sou yon wout pou kreye yon New York ki pi vét, pi adapte pou biznis".

**Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare**, "Revitalizasyon kominotè reyisi a kòmanse avèk planifikasyon kominotè, devlopman ak angajman publik solid. Angajman Gouvènè Hochul pou devlopman kominotè dirab ak ekitab ap favorize yon renesans nan revitalizasyon kominotè atravè Eta a, sa ki fè New York tounen yon eta ekselan pou fanmi, biznis ak touris tout laj, orijin ak revni".

Gouvènè Hochul te ogmante bidjè Fon Pwoteksyon Anviwònmantale Eta a pou 100 milyon dola nan Bidjè Adopte pou Ane Fiskal 2023, ki te bay finansman dirèk pou inisyativ sa yo. Se Biwo Planifikasyon, Devlopman ak Enfrastrikti Kominotè nan Depatman Eta ki administre twa pwogram devlopman yo.

**Pwogram Sibvansyon pou Planifikasyon Kwasans Entelijan ak Zonaj (2 milyon dola)**

Pwogram Sibvansyon pou Planifikasyon Kwasans Entelijan ak Zonaj la ap ofri 2 milyon dola pou kominote yo pou devlope plan minisipal global yo ak òdonans pou zonaj yo, epitou sible plan zòn ki sible yo tankou anba lavil, distri biznis santral ak distri devlopman ki oryante sou transpò publik. Kominote yo dwe angaje pou entegre prensip Kwasans Entelijan nan planifikasyon ak zonaj yo. Prensip Kwasans Entelijan gen ladan peyizaj lari ki apwopriye pou mache, bisiklèt ak transpò; konsepsyon kominotè konpak ak itilizasyon miks; anba lavil dinamik ak lòt sant minisipal; yon divèsite opsyon lojman pou tout revni, laj ak andikap; espas publik sekirité, aksesib; gwo pak ak opòtinite rekreyatif anplennè; biling vèt ak enfrastrikti, pamì lòt yo.

Ane pase, DOS te bay sibvansyon Kwasans Entelijan ki totalize 1.5 milyon dola pou 24 kominote atravè Eta a pou elabore plan global, ki se baz legal ak règleman pou kwasans alavni ak desizyon sou devlopman yo. Kalifikasyon pou pwogram ane sa a te elaji pou ajoute òdonans sou zonaj ki aplike plan global ak zòn yo.

### **Pwogram pòtinite nan Sit Endistriyèl Dezafekte (Brownfield Opportunity Area, BOA) (4 milyon dola)**

Pwogram BOA transfòme sit endistriyèl dezafekte yo—sa vle di zòn ki gen gwo kontaminasyon—depi nan responsabilite pou rive nan atou kominotè yo ki an retou ap jenere ak sipòte nouvo biznis, travay, lojman ak enstalasyon publik yo. Pwogram lan bay sibvansyon pou plan BOA yo ki, yon fwa yo fini, ap soumèt bay Sekretè Deta Eta New York la pou apwobasyon oswa "deziyasyon". Plan BOA ki deziyen sa yo ap answit bay dwa ak pwojè ki konfòm ak plan an pou finansman priyorité nan kèk pwogram eta yo ak yon lòt 5 poustan pou kredi taks pwomotè sit endistriyèl dezafekte. Pwogram BOA a bay tou sibvansyon pou aktivite anvan reyamenajman yo nan BOA ki deziyen nan Eta a, sa gen ladan etid anviwònmantal, lojman ak ekonomik, analiz enfrastrikti, estrateji marketing, angajman publik ak zonaj epi mizajou règlemantè yo, pamì lòt. Ane sa, pwogram lan bay finansman tou pou Evalyasyon Anviwònmantal Sit Faz II yo nan yon BOA Eta a deziyen, ki posib gras ak yon nouvo lwa Gouvènè Hochul te prezante nan Bidjè Adopte pou Ane Fiskal 2023 a ak 400 milyon dola Fon Pwoteksyon Anviwònmantal, pi wo nivo finansman nan istwa pwogram lan.

### **Pwogram Revitalizasyon Bò Dlo Lokal (LWRP) (16.3 milyon dola)**

LWRP bay sibvansyon pou kominote yo devlope yon plan kominotè avèk yon vizyon pou bò dlo yo a, ki gen plizyè règleman anviwònmantal ki asire pwojè yo travay nan amoni avèk resous natirèl ak ekosistèm bò dlo yo. Yon fwa Sekretè Deta a adopte yon LWRP epi yo kominote lokal adopte li oswa li prèske fini, kominote a kapab aplike pou fon egzekisyon pou pwojè ki sipòte plan an. Genyen aktyèlman 113 LWRP ki apwouve nan Eta New York.

DOS la administre tou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Gouvènè a. [DRI a](#) te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou plis envestisman lokal. Dirijie pa DOS, DRI reprezante yon estrateji "planifye-pou-ají" ki inovatè e san presedan ki asosye planifikasyon estratejik ansanm ak yon egzekisyon imeda. Pifò kominote DRI yo te resewwa finansman nan tan pase nan men

BOA ak pwogram LWRP yo, ki an retou te ede yo devlope ak egzekite aplikasyon DRI reyisi yo. DRI a te bay yon total 600 milyon dola pou 59 kominote nan senk premye faz li yo.

Ane sa, Gouvènè a te kreye yon branch inovatè DRI ki rele NY Forward, ki pral sipòte yon rekiperasyon anba lavil ki pi ekitab pou kominote ki pi piti ak riral New York yo, avèk yon atansyon sou ti vilaj ak vilaj yo. DOS pral travay avèk kominote yo atravè yon pwosesis planifikasyon ak bay asistans teknik nesesè pou prepare yon lis pwojè ki ka fasilman egzekite. NY Forward American gen 100 milyon dola finansman nan Bidjè Eta ki Adopte ane sa a.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo nan ti liv Resous Disponib Aplikasyon Finansman Konsolide (CFA) nan <https://regionalcouncils.ny.gov/>.

Ou ka jwenn sou pwogram Kwasans Entelijan an nan  
<https://cfaresources.ny.gov/standalone-cfa-programs>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418